# Career, Technical, Adult & Community Education

## WORKFORCE EDUCATION

## EKSPLIKASYON DWA AK RESPONSABLITE ELÈV

(EXPLANATION OF LEARNER RIGHTS & RESPONSIBILITIES) (Haitian Creole)

Se responsablite distrik-la pou bay tout elèv enfòmasyon sou fasilite ak adaptasyon ki kapab disponnib lè yap pran tès konnesans fondalnatal, lè yap resevwa enstriksyon, lè yo ba-yo tan anplis diran egzamen oswa lè yap pran egzamen nan yon sal apa.

Moun ki kapab prezante prèv andikap–yo keseswa difikilte pou aprann, ADHD, depresyon, andikap nan mouvman, oswa andikap pou tande oswa pou wè - men se pa yon lis ki enkli tout andikap-yo - dwa moun-sa-yo pwoteje selon lalwa. Lalwa ba-yo dwa pou fasilite ak adaptasyon diran enstriksyon ak tès.

CHAK ELÈV andwa:

- Patisipe san yo pa diskriminen-li nan pwogram edikasyon, sèvis ak aktivite pou elèv.
- Chwazi kominike ransèyman sou andikap-li
- Resevwa adaptasyon rezonnab nan klas epi pandan egzamen
- Rankontre ak manm pèsonnèl pou pale sou bezwen-li

CHAK ELÈV gen responsablite:

- Idantifye tèt-li, oswa notifye yon pwofesè oswa responsab enskripsyon (registrar) si li bezwen fasilite ak adaptasyon pandan egzamen oswa tan enstriksyon
- Bay tout papye konsènan andikap-li. Dokimantasyon obligatwa, men ransèyman ou ban-nou ap rete konfidansyèl.

Fasilite ak adaptasyon ki posib enkli:

- Plis tan pou pran tès
- Brèk/tan repo ase souvan
- Yon espas prive pou travay
- Tradiktè
- Lòt fòma egzamen (ekriti Bray, odyotep, tès enprime an gwo karaktè)
- Aparèy ki pou ede

Sonje, si ou genyen deja oswa ou panse ou ka genyen yon difikilte pou aprann oswa lòt andikap ki afekte kapasite-ou pou aprann oswa pran tès, fè nou konnen pi bonnè posib konsa, ansanm, nou kapab deside ki asistans ou bezwen pandan egzamen ak tan enstriksyon.

Mwen konprann Dwa ak responsablite elèv, jan yo esplike-mwen li.

Non elèv-la (ekri an lèt detache): ________________________ Elèv-la ID #: ______________

Siyati elèv-la: ________________________________________

Apwouve pou adaptasyon pandan egazmen: ________________________

Responsab lekòl-la deziyen, (School Designee)

☐ Avèk fasilite/adaptasyon: Tcheke kare-sa-a si dokimantasyon-an ki founi-an verifye bezwen pou adaptasyon epi dekri sa yo ye pi ba-a.

________________________________________

________________________________________

________________________ ________________________

Lekòl Dat

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout lwa oswa pwosedi ki kapab anjandre diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, orijin nasyonnal, eta sivil, ras, relijyon, sèks oswa preferans seksyèl. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele Executive Director, Benefits & EEO Compliance nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act (ADAAA), moun ki bezwen aranjman espesyal kapab telefonnen depatman Equal Educational Opportunities (EEO) nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.

MEPSD<HC#161/is/03/09
Document translated by Multicultural, ESOL and Program Services Education (03/09)
IF031c-WEIM 05/2012